

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar kacindekan hasil panalungtikan tindakan kelas perkara Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina pangajaran sawala di kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung. Sabada dicindekkeun, dipedar saran-saran nu patali jeung hasil panalungtikan.

5.1 Kacindekan

Dumasar pedaran dina bab IV, bisa dicindekkeun hal-hal sakumaha ieu di handap.

- a) Kondisi awal kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala téh asor kénéh. tina tilu puluh urang siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung, dua puluh opat urang siswa (80 %) aya dina kritéria Kurang (K), lima urang siswa (16,7 %) aya dina kritéria Kurang Pisan (KP), saurang siswa (3,3 %) aya dina kriteria Cukup (C) . Ari siswa nu nyangking kritéria Hadé Pisan (HP) jeung Hadé (H) mah teu aya (séwang-séwang 0%).
- b) Tarékah pikeun ngundakkeun kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala téh salasahijina bisa ngaliwatan Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*. Pangajaran sawala di Kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif Tipe *Think Pair and Share* dilaksanakeun dina dua siklus Panalungtikan Tindakan Kelas. Dina unggal siklus dilaksanakeun séwang-séwang sakali tindakan. Unggal tindakan dina siklus I jeung II ngawengku opat tahap. Éta opat tahap téh ngawengku rarancang, prak-prakan, observasi, jeung réfléksi.
- c) Dumasar hasil tés dina unggal siklus I jeung II, dicangking data kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif tipe

Iyan Sandiana, 2013

MODÉL PANGAJARAN KOOPERATIF TIPE THINK PAIR AND SHARE DINA PANGAJARAN SAWALA
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Think Pair and Share. Dina siklus I, tina tilu puluh urang siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung, dalapan belas urang siswa (60 %) aya dina kritéria Cukup (C), dua belas urang siswa (40 %) aya dina kritéria Kurang (K), Ari siswa nu nyangking kritéria Hadé Pisan (HP), Hade (H) jeung Kurang Pisan (KP) mah teu aya (séwang-séwang 0%). Dumasar éta hal, bisa dicindekkeun yén kamampuh siswa Kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina siklus I pangajaran sawala ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* téh cukup. Sok sanajan cukup, perlu aya siklus II sangkan kamampuh siswa Kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan téh undak atawa nyugemakeun. Dumasar hasil tés siklus II, tina tilu puluh urang siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung, dua puluh tilu urang siswa (76,7 %) aya dina kritéria Cukup (C), opat urang siswa (13,3 %) aya dina kritéria kurang (K), tilu urang siswa (10 %) aya dina kritéria Hadé (H) jeung Ari siswa nu nyangking kritéria Hade Pisan (HP) jeung Kurang Pisan (KP) mah teu aya (séwang-séwang 0%).

- d) Hasil tés kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* dina unggal siklus bisa dibandingkeun. Kamampuh siswa kelas X-2 SMA Kartika XIX-2 Kota Bandung dina nepikeun sawangan dina pangajaran sawala ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* téh undak. Dina siklus I, teu aya siswa (0%) nu nyangking kritéria Hadé Pisan (HP), Hade (H), jeung Kurang Pisan (KP), 12 urang siswa (40%) aya dina kritéria kurang (K), dalapan belas urang siswa (60 %) aya dina kritéria cukup (C). Éta hasil téh robah ku cara undak kritéria dina siklus II. Dina siklus II, tilu urang siswa (10 %) aya dina kritéria Hadé (H), opat urang siswa (13,3 %) aya dina kritéria kurang (K) jeung dua puluh tilu urang siswa (76,7 %) aya dina kritéria Cukup (C). Ari siswa nu nyangking kritéria Hade pisan jeung Kurang Pisan (KP) mah teu aya (séwang-séwang 0%).

5.2 Saran

Sabada ngayakeun panalungtikan tindakan kelas ngeunaan kamampuh nepikeun sawangan ngagunakeun Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share*, ieu ditétélakeun saran-saran.

- a) Modél Pangajaran Kooperatif tipe *Think Pair and Share* kaasup éféktif pikeun pangajaran sawala, ku kitana disarankeun sangkan dipaké dina kagiatan diajar-ngajar nyarita, utamana dina matéri sawala.
- b) Guru basa Sunda dipalar parigel dina milih jeung nangtukeun téhnik ngajar sangkan siswa bisa kahudang minatna, nu antukna bisa ngundakkeun préstasi siswa.
- c) Disarankeun sangkan dina prakna diajar-ngajar téh ngagunakeun téhnik nu luyu jeung matéri nu baris diajarkeun ka siswa, sangkan siswa teu ngarasa bosen nalika diajar.

